# Maithili (Hons.) Paper-II

**उत्तर तिरहुता अथवा देवनागरी मे लिखू।** LNMUonline.com

1. निम्नलिखित प्रश्नक उत्तर लिखू :
   (क) साहित्य अकादमी सँ अहाँ कोन पाठ्यग्रन्थ प्रकाशित अछि?
   (ख) जयधारी सिंह द्वारा सम्पादित अहाँ कोन पोथी पढ़ैत छी?
   (ग) 'दिदवल' पोथीक लेखक के छथि?
   (घ) 'धूमकेतु' अहाँक पाठ्यक्रमक कोन पोथीक रचयिता छथि?
   (ङ.) सुधांशु शेखर चौधरीक अहाँ कोन पाठ्यग्रन्थ पढ़ैत छी?
   (च) 'निवेदिता' कोन विधाक रचना थीक?
   (छ) 'मैथिली कथाक विकास'क सम्पादक के छथि?
   (ज) चेतना समिति पटना सँ प्रकाशित कोन पोथी अहाँक पाठ्यक्रम मे अछि?
   (झ) 'मोड़ पर' रचनाक प्रकाशकक नाम लिखू।
   (ञ) 'दिदवल' कोन विधाक रचना थीक?
2. निम्नलिखित मे सँ किन्हीं तीन प्रश्नक उत्तर लिखू :
   (क) मैथिली कथा साहित्यक क्रमिक विकास सँ अवगत कराउ।
   (ख) मैथिली उपन्यासक विकासक्रम देखाउ।
   (ग) 'निवेदिता उपन्यासक आधार पर सुधांशु शेखर चौधरीक काव्य-प्रतिभाक मूल्यांकन करू।
   (घ) 'मैथिली कथासंग्रह'क कोनो एक कथाक सारांश संक्षेप मे लिखू।
   (ङ) 'निवेदिता' उपन्यासक नायिकाक चरित्र-चित्रण करू।
   (च) 'दिदवल' कथा संग्रहक आधार पर 'संभावना' अथवा 'गुण्डपनी' शीर्षक कथाक सारांश लिखू।
   (छ) 'मोड़ पर'क आधार पर धूमकेतुक साहित्यिक परिचय दिअ।
3. निम्नलिखित कोनो दू टाक सप्रसंग व्याख्या करू :
   (क) ''छी-छी-छी'' भजारकका आन्तरिक क्षोभ सँ बजलाह। घोर कलियुग आबि गेल अछि भजार! बात-विचार तँ एकदम उठि गेल। ई नवयुवक लोकनि गाम कें डुबा छोड़ताह।'
   (ख) ''हमरा लोकनि सभ दिन अहाँक माथ पर बोझ बनि बैसय नहि आयल छी कनियाँ! सा... तीन हाथक बैसल छथि कमौआ। अखन हुनकर घाव द्वारे दू मास सँ ओगरने छी, ने तऽ एना के रहत एक्को क्षण अहि ठाम?''
   (ग) ''हम के छी, की छी से जनबाक उत्सुकता होयत: अहाँके, मुदा एतबे कहब पर्याप्त होएत जे हम ओहि संसारक एक दूत छी जतऽ अधिकारक माँटि सँ शरीर बनाओल जाइत अछि, न्यायक तूलिका सँ रंग चढ़ाओल जाइत अछि, स्नेहक जीवनक प्राण फूकल जाइत अछि।''
   (घ) ''जे सन्तान निकट रहि कऽ अपन माता-पिता कें सुखी-संतुष्ट नहि कऽ सकय, तकर अनुपस्थिति सँ ओकर माता-पिता कें दु:खि नहि होयबाक चाहिऐक।''

LNMUonline.com